

Rec.:

Proc.

## FÒM CHANJMAN ENFÒMASYON SOU FANMI

Tanpri sonje nou kapab mande kèk chanjman enfòmasyon sou fanmi an epi ou kapab fè chanjman an sou entènèt depi ou itilize Pòtay Aplikasyon, ki disponib sou sitwèb <https://cha.applicants4housing.com>. Ou kapab itilize pòtay la pou tcheke pozisyon ou sou lisdatant ou te aplike pou yo. Si ou pa kapab gen aksè nan Pòtay Aplikasyon tanpri ranpli fòm ki anba la a. Si ou te mande yon chanjman nan Pòtay Aplikasyon lè sa a ou pa bezwen ranpli fòm sa a. Tanpri sonje sa ka pran apeprè 10 jou ouvrab pou CHA travay sou demann ou apre nou resevwa li.

Aplikasyon yo responsab pou fè CHA konnen, alekri, si nenpòt chanjman enfòmasyon ki gen pou wè ak kantite moun ki lakay yo, enfòmasyon pou kontakte yo, revni ak/oswa preferans seleksyon yo. Ou ka soumèt Fòm Chanjman Enfòmasyon sou Fanmi an poukont ou oswa ou ka voye fòm yo pa lapòs.

### Cambridge Housing Authority (CHA)

Attn: Admissions

362 Green Street, 3rd Floor

Cambridge, MA 02139

Si ou gen nenpòt kesyon konsènan pwosesis aplikasyon an, tanpri kontakte CHA nan nimewo 617-864-3020.

### Tanpri ekri an lèt detache aklè avèk plim oswa tape nan fòm nan.

1. ENFÒMASYON FANMI AN (Obligatwa)			
Non fanmi:	Prenon:	Inisyèl dezyèm prenon:	Nimewo sekirite sosyal (SSN):
			X X X - X X -



**ANTRE ENFÒMASYON YO ANBA LA A SÈLMAN SI YO REPREZANTE YON CHANJMAN NAN DÈNYE APLIKASYON OU OSWA MODIFIKASYON OU. TANPRI SONJE CHANJMAN KI MENNEN NAN YON CHANJMAN NAN PREFERANS OSWA GWOSÈ CHANM KI OBLIGATWA KA AFEKTE PLASMAN OU**

### 2. NOUVO ADRÈS

Adrès, tankou nimewo apatman an -.  
Sa ta dwe se pi bon kote pou CHA kontakte ou pa lapòs:

vil:

eta:

kòd postal:

### 3. ENFÒMASYON FANMI AN (ranpli sèlman si gen yon chanjman)

Prenon	Inisyèl dezyèm prenon	Non fanmi	SSN ###-##-####	Sa ou ye pou chèf fanmi an	Dat nesans mm/jj/aaaa	Sèks G oswa F	Ajoute oswa Retire
1.			- -	<b>Chef fanmi</b>	/ /		
2.			- -		/ /		
3.			- -		/ /		

### 4. ENFÒMASYON SOU REVNI (ranpli sèlman si gen yon chanjman)

Prenon ak non fanmi	Revni	Frekans peman (pa itilize salè pa èdtan)	Sous revni (dekri si se lòt)
	\$		<input type="checkbox"/> Salè <input type="checkbox"/> Pansyon <input type="checkbox"/> S.S. <input type="checkbox"/> SSI <input type="checkbox"/> SSDI <input type="checkbox"/> TAFDC <input type="checkbox"/> EAEADC <input type="checkbox"/> Sipò timoun <input type="checkbox"/> Chomaj   Lòt: _____
	\$		<input type="checkbox"/> Salè <input type="checkbox"/> Pansyon <input type="checkbox"/> S.S. <input type="checkbox"/> SSI <input type="checkbox"/> SSDI <input type="checkbox"/> TAFDC <input type="checkbox"/> EAEADC <input type="checkbox"/> Sipò timoun <input type="checkbox"/> Chomaj   Lòt: _____

Non chèf fanmi an: \_\_\_\_\_

## 5. PREFERANS SELEKSYON

Tcheke TOUT sitiyou ki anba la (yo) ki aplike (*tanpri sonje lè non ou rive anlè nenpòt lisdatant, w ap gen obligasyon pou bay verifikasyon preferans (yo) ou chwazi*):

- Rezidan Cambridge** – W viv **an pèmanans** nan Cambridge nan dat ou soumèt fòm sa a (sa gen ladan Lojman pou Moun Angwoup (Congregate Housing) ak Rezidan Cambridge ki nan Lojman yon Chanm [Single Room Occupancy, SRO] epi nan moman seleksyon ak siyati kontra lwaye a. ▼

\_\_\_\_\_ \_Cambridge\_ MA\_ \_\_\_\_\_  
adrès vil eta kòd postal

- Abri nan Cambridge oswa Sant pou Tranzisyon** – W ap viv nan yon abri Cambridge oswa nan yon sant pou tranzisyon epi Depatman Èd pou Tranzisyon (Department of Transitional Assistance, DTA) oswa yon lòt founisè sèvis te demenaje ou pou mete ou viv deyò Cambridge. ▼

\_\_\_\_\_ \_Cambridge\_ MA\_ \_\_\_\_\_  
non abri oswa adrès sant vil eta kòd postal

- Travay nan Cambridge** – Ou pa abite nan Cambridge; men, w ap travay oswa ou pral jwenn travay nan Cambridge nan dat ou soumèt fòm sa a ak nan moman seleksyon an ak siyati kontra lwaye a. ▼

\_\_\_\_\_ \_Cambridge\_ MA\_ \_\_\_\_\_  
non patwon adrès patwon vil eta kòd postal

- Kondisyon Veteran:** Èske yon moun lakay ou se yon veteran oswa madam/mari ki vivan, paran oswa lòt depandan yon veteran ki mouri akòz sèvis la?  wi  non

## 6. LÒT CHANJMAN

**Tanpri itilize espas ki anba la a pou fè nenpòt chanjman ki pa endike lòt kote sou fòm sa a. ▼**

## 7. AVI KONT DISKRIMINASYON

Administrasyon Lojman Cambridge pa pratike diskriminasyon sou baz ras, relijyon, sèks, koulè, peyi kote ou soti, laj, andikap oswa sitiyou fanmi. Nou bay aksè egale pou moun andikape nan pwogram nou yo, sèvis nou yo ak aktivite nou yo.

## 8. SÈTIFIKASYON APLIKASYON

***Mwen rekonèt fòm sa a pa yon òf lojman.*** Dapre fòm sa a, mwen rekonèt mwen pa ta dwe fè okenn plan pou demenaje oswa pou mete yon pwèn final nan kontra lwaye mwen gen nan moman an. Mwen rekonèt se responsablite mwen pou fè Administrasyon Lojman konnen nenpòt chanjman adrès, revni, aranjman rezonab, seleksyon sou lisdatant ak/oswa kantite moun ki nan fanmi mwen oswa y ap anile aplikasyon mwen. Mwen konfime enfòmasyon mwen bay nan dokiman sa a se enfòmasyon ki vrè ak kòrèk. Mwen rekonèt nenpòt fo deklarasyon oswa fo enfòmasyon se zak kriminel k ap lakòz mwen jwenn pinisyon anba lwa leta ak lwa federal. Mwen rekonèt tou si mwen bay fo deklarasyon oswa fo enfòmasyon sa ap reprezante rezon pou yo rejte aplikasyon mwen oswa pou yo sispann lokasyon mwen oswa patisipasyon mwen nan pwogram nan.

Siyati moun ki aplike a: \_\_\_\_\_

Dat la \_\_\_\_\_